



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 20/7/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO TE ANONSE ANPLWAYÈ YO PRAL PEYE REMÈT ANVIWON 4 MILYON DOLA NAN KÒB ARYERE SALÈ AK DOMAJ YO BAY PLIS PASE 7,500 TRAVAYÈ

Fòs Entèkansyon pou Travayè Eksplwate yo te lanse yon investigasyon sou Eksplwatasyon Travayè yo nan Endistri Lavaj nan Dray lan; Mete Leta sou Wout pou Bani Itilizasyon PERC

Gouvènè an pral Fè Kado 5 Milyon dola an Don pou Amelyore Sante ak Sekirite Travayè yo Atravè New York

Gouvènè an te Siyen [Dekrè Ekzekitif](#) pou Etabli Fòs Entèkansyon Pèmanan pou Eksplwatasyon Travayè yo ak Movèz Klasifikasyon.

Fòs Entèkansyon an te Pibliye yon [Rapò](#) pou yon lane, Rekòmandasyon yo pou Pwoteje Travayè yo kont Pratik Predatè yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Fòs Entèkansyon an nan lide pou Konbat Eksplwatasyon Travayè yo te kontakte 1,547 biznis pou yo peye remèt anviwon 4 milyon dola nan kòb aryere salè ak domaj yo bay plis pase 7,500 travayè, depi kòmansman li nan mwa Jiyè 2015. Gouvènè an tou te anonse plizyè lòt inisyativ pou amelyore sante ak sekirite travayè yo, sa enkli tou yon investigasyon sou eksplwatasyon travayè lavaj nan dray yo ak yon efò kowòdone pou bani konpoze chimik danjere yo, tankou pèkloretilèn (PERC), ke yo konn itilize souvan nan endistri sa.

Leta pral lanse tou yon nouvo pwogram don 5 milyon dola ak RFP pou ede òganizasyon ki pa likratif yo pou etann sèvis yo pou ede travayè ki eksplwate to. Gouvènè an te make premye ane anivèsè fòs entèkansyon an nan yon evènman nan Manhattan kote li te syen [Dekrè Ekzekitif Niwewo 159](#) pou etabli yon fòs entèkansyon pèmanan sou tout eta a pou eksplwatasyon travayè yo ak movèz klasifikasyon. Anons yo te fè swit a piblikasyon [rapò](#) anyèl Fòs Entèkansyon an, ki te enkli rekòmandasyon yo pou pwoteje travayè yo kont pratik predatè yo.

“Nan New York, nou kwè ke tout moun k’ap chèche yon mwayen pou konstwi yon avni miyò pou tèt yo kapab fè sa nan Empire State lan – epi nou pa pral pèmèt okenn pratik eskripilè nan biznis yo vin anpeche sa fèt,” **Se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Soti nan kreyasyon premye Fòs Entèkansyon depi toutan an, pou rive nan dekrete nouvo lwa pwoteksyon ki san presedan pou travayè ki nan salon pediki ak maniki yo, administrasyon nou an te fè gwo pwogrè pou retire enjistis nan endistri sila yo kote travayè toujou ap viktim – epi anons sa jounen jodi se prèv jefò nou yo ap mache.

Atravè aksyon sa yo, nou ap kontinye fè pwogrè pou nou ka reyanime Rèv Ameriken an, epi finalman desine yon avni miyò pou fanm ak gason k'ap travay di anpil nan New York.”

Fòs Entèkansyon te Rekipere 4 milyon dola nan Kòb Aryere Salè

Soti depi lè li te lanse nan mwa Jiyè 2015, Fòs Entèkansyon pou Konbat Eksplwatasyon Travayè yo te kòmanse ak yon seri de jefò agresif, ak plizyè ajans, pou ranfòse lwa travay yo, ak yon fokis an patikilye sou rekiperasyon salè nan endistri salon pediki ak maniki, restoran, lavaj dray, konstwizyon, pwòpte jaden ak travayè domestik yo. Travayè nan endistri sa yo souvan viktim de vòl salè e yo souvan sijè a kondisyon travay ki pa an sekirite oswa ki pa pwòp, orè travay ki pa fiks oswa pwogram lè travay ki pa't planifye, ak dediksyon ilegal pou founiti, fòmasyon oswa inifòm yo.

Nan lane ki sot pase la, yo te mennen plis pase 1,500 investigasyon ak enspeksyon atravè tout eta a. Pandan investigasyon sa yo, Fòs Entèkansyon an te jwenn dè milye travayè yo te refize bay salè konplè anba lalwa. Sa enkli tou pa rive peye salè minimòm, pa rive peye tan ekstra, detouneman bonis yo ak lòt refi salè. An plis, travayè yo pa't kouvri pa politik konpansasyon travayè ki kòrèk yo pou pwoteje sekirite ak sante yo nan kote y'ap travay la.

Nan Evènman jounen jodi a, Gouvènè Cuomo te rankontre ak travayè Restoran Empire Szechuan Valley nan Vil New York, Alejandro Mendoza ak Jovita Villanueva-Tapia. Yon investigasyon Fòs Entèkansyon an te jwenn mari ak madanm, ak kat konpayon travay yo nan Empire Szechuan, ki pa't peye kòrèkteman pou lè ekstra yo. Fòs entèkansyon an te negosye yon akò ak pwopriyetè an pou li peye sis travayè yo yon montan total 204,500 dola an pati egal pandan 24 mwa pèman.

Plan pèman yo te negosye a fè pati nan 4 milyon dola salè yo pa't peye ak domaj yo, ke fòs entèkansyon an te detèmine nan non travayè ki te eksplwate yo. Majorite travayè ki viktim yo se imigran yo ye.

“Travayè menm jan avè'm yo pa ta dwe gen pou enkyete yo pou yo pa vòlè salè yo,” **se sa Alejandro Mendoza, ki se yon travayè nan Restoran Empire Szechuan te deklare.** “Nou te travay anpil epi nou merite pou yo peye nou kòb yo dwe nou. Mwen remèsye Gouvènè a ansanm ak fòs entèkansyon li an poutèt yo te pran pwoblèm lan o serye, pou pwoteje dwa nou epi asire nou jwenn jistis.”

Investigasyon Plizyè Ajans sou Eksplwatasyon Travayè yo nan Endistri Lavaj Dray yo; Mete Leta sou Wout pou Bani PERC

Depi lane 2015, fòs entèkansyon an te antepwann yon revizyon apwofondi sou enpak grav kondisyon danjere yo ak salè ki vòlè yo nan endistri lavaj dray yo. Kòm rezilta, fòs entèkansyon an pral lanse yon investigasyon sou kondisyon travay danjere yo, ki pral gen ladan'l itilizasyon konpoze chimik danjere yo ke yo itilize souvan nan endistri sila a.

Kòm yon pati nan jefò sa yo, Gouvènè a te bay enstwiksyon bay Depatman Konsèvasyon Anviwònman ak Depatman Sante a pou yo aplike règleman pwoteksyon anviwònman kritik ak sante piblik yo, epi mete New York sou wout pou bani itilizasyon PERC, yon konpoze chimik ke Etazini te idantifye kòm yon “pwobab”

konpoze kanserijèn. Ajans Pwoteksyon Anviwònman an ak sa ki itilize souvan nan endistri an.

An plis, Leta pral elabore règleman vantilasyon salon pediki ak maniki yo pou ka rann salon nan New York yo pou yo vin pi sekirite pou travayè ak konsomatè nasyon an yo. Règleman sa yo, konbine ansanm avèk jefò leta pou bani itilizasyon PERC nan lavaj dray yo, pral mete New York o premye plan nan zafè sekirite estanda ak sante anviwònman yo.

Nan semèn ak mwa k'ap vini yo, fòs entèvansyon an pral konsantre tou sou kondisyon travay yo nan sèvis swen sante a domisil yo, kote pou lave machin ak endistri agrikòl yo.

5 Milyon dola RFP pou Pwoteje Sante ak Sekirite Travayè yo

Gouvènè an te anonse tou ke yo te pral fè kado 5 milyon dola atravè RFP bay òganisyon ki pa fè pwofi yo pou ede travayè ki eksplwate yo soti nan fènwa epi jwenn èd ke yo bezwen e ke yo merite. Travayè ki eksplwate yo souvan izole akòz baryè kiltirèl ak langaj yo epi yo kwè ke yo pa kapab defann tèt yo kont abi etablisman travay yo.

Finansman sa pral distribriye atravè dè don pou ka abòde pwoblèm sekirite ak sante sistematik ke anpil travayè eksplwate yo ap fè fas. Moun ki resevwa don yo pral devlope inisyativ nan objektif biznis pou ogmante konfòmite epi redwi pri, sa enkli tou atelye konfòmite travay yo, pwogram konsiltasyon yo, verifikasyon evalyasyon danjere yo, ak plan asistans teknik korektif. Nan moun ki kalifye pou resevwa don yo ka enkli tou sant sante pwofesyonèl yo, sèvis legal yo, ansanm ak lòt sèvis non pwofi yo ki ap travay pou redwi prejidi travayè yo, ogmante sekirite, epi bay asistans pou travayè yo.

Plis pase 5 milyon dola an don pral investi nan objektif pou ede travayè ki eksplwate yo fè tèst evalyasyon klinik nan Klinik Sante Pwofesyonèl yo ak lòt sant sante non pwofi yo ki kapab fè dyagnostik sentom ki gen relasyon ak travay yo, epi ede travayè yo itilize sistèm konpansasyon travayè yo.

Finansman yo pral itilize tou pou elaji Pwogram Konsiltasyon Biznis Sou Plas lan ak yon fokis patikilye sou endistri kote ki gen ki pi wo nivo moun blese yo — konstwiksyon ak manifakti, sèvis swen sante a domisil, lavaj dray, ak agrikilti. Depatman Travay Leta ansanm ak Direksyon Konpansasyon Travayè Leta yo pral bay konsiltasyon sou plas.

Dekrè Ekzekitif Nimewo 159

Nan Okazyon premye anivèsè fòs entèvansyon an, Gouvènè an te siyen yon dekrè ekzekitif ki te etabli yon fòs entèvansyon pèmanan kont eksplwatasyon ak movèz klasifikasyon travayè yo. Nouvo fòs entèvansyon an reprezante yon fizyon ak Fòs Entèvansyon Travayè Eksplwate yo, Fòs Entèvansyon Ranfòsman Endistri Salon Pediki ak Maniki, ansanm ak Fòs Entèvansyon Ranfòsman pou Movèz Klasifikasyon Travayè yo, ki pral konbine ansanm twa jefò konpreyansif sa yo, epi vin tounen yon zouti inovatif adisyonèl pou ede ajans leta yo pwoteje travayè vilnerab yo, ki pa touche anpil lajan yo.

Nouvo dekrè ekzekitif la pral elaji atansyon li pou ekzamine plizyè fason ke travayè yo

eksplwate tankou salè ki pa peye, lè ekstra ki pa peye, vyolasyon sante ak sekirite, ansanm ak lòt ka eksplwatasyon travay yo. Efò yo anglobe 15 endistri ki sible, ki gen ladan yo:

- Ayewopò yo
- Lave machin
- Gadri
- Netwayaj
- Konstriksyon
- Agrikilti
- Swen Sante nan Kay
- Sèvis konsyèj
- Amenajman Peyizaj
- Lesiv
- Salon maniki
- Restoran
- Detayan
- Episri-Makèt
- Machin Kamyon ak Ranmasaj Fatra

Fòs entèvansyon an gen ladan li 13 ajans patnè leta:

- Depatman Travay
- Depatman Leta
- Depatman Sante
- Workers' Compensation Board
- Depatman Enpo ak Finans
- Depatman Agrikilti ak Mache
- Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi yo
- Biwo Sèvis ki Baze sou Lafwa
- Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl
- Lapolis Eta
- Divizyon Dwa Zimen
- Office of Temporary and Disability Assistance
- State Liquor Authority

Nouvo fòs entèvansyon ki fizyone sa pral rasanble ansanm tout investigatè asirans yo, investigatè salè yo ak investigatè konpansasyon travayè yo ansanm ak investigatè ak pèsonèl ajans fòs entèvansyon yo pou ka ekzamine globalman epi avèk anpil atansyon tout anplwayè yo ki angaje nan ekonomi klandesten yo. Nouvo zouti pou ogmante rezilta ranfòsman pou tout travayè ki eksplwate yo gen ladan'l:

- Ranfòsman Ajans Kolektif Pwolonje: Ranfòsman inite yo atravè leta, ki ak konsèy l'ap analize aktyèlman yo, pral elaji pou ka entegre plis ajans k'ap kouvri plis anplwayè ak plis endistri.
- Pi gwo resous ajans ranfòsman yo: Plis ajans k'ap travay ansanm vle di plis investigatè ansanm ak plis kapasite pou pwoteje travayè vilnerab yo, ki pa touche anpil kòb yo. Sa enkli tou investigatè prive yo ke yo ka anboche atravè yon don ke yo te bay JETF resamman.

- Referans elaji pou avoka nan distrik yo pou pwosekisyon kriminel: Pwosedi pou refere ka yo bay avoka distrik konte a yo ki ap pouswiv lajistis moun ki ap vòlè salè yo ak fwod asirans chomaj yo, pral elaji pou kapab entegre tout endistri ki gen travayè eksplwate yo.
- Elaji Liy telefòn dirèk pou bay konsèy: Liy telefòn dirèk pou resevwa konsèy nan men gwoup moun ki se pretandan malklase nan kominote a yo pral elaji pou kapab entegre tout endistri ki gen travayè eksplwate yo.

Rapò pou Yon Lane Fòs Entèkansyon an

Fòs Entèkansyon plizyè ajans Gouvènè an pou Konbat Eksplwatasyon Travayè yo, te kreye pou ka pwoteje travayè yo nan divès endistri kote yo se viktim dispwopòsyone pou vòl salè, epi ekspoze a dè kondisyon travay ki pa sekirite oubyen ki pa pwòp, ki pa stab, oubyen orè travay ki pa planifye, ak dediksyon ilegal pou ekipman, fòmasyon ak inifòm yo. Efò ranfòsman pral konsantre sou endistri yo ki gen piwo nivo pousantaj anplwayè ki pa konfòm yo, ak kote travayè yo, ki souvan se imigran, gen mwens chans pou eksprime yo, pa krent pou vanjans.

Komite Konsèy Fòs Entèkansyon an, ki konstitiye ak de moun ki se dè lidè nan dwa sivil, biznis ak travay yo, te fè Gouvènè Cuomo divès rekòmandasyon ke te yo te aplike nan tout eta a, sa gen ladan'l tou amandman règleman kat pèman an pou ka pwoteje salè travayè yo kont pratik predatè yo; nan etabli yon pwosedi pou pèmèt ajans leta yo bay Sètifikasyon Viza U ak Andòsman Viza T pou imigran ki viktim krim yo; epi nan elaji kapasite Biwo pou Nouvo Amreiken yo pou li reprezante aplikan sila yo ki genyen Viza U ak T. Rekòmandasyon Komite Konsèy la yo ansanm ak travay fòs entèkansyon an te detaye nan rapò premye lane fòs entèkansyon an, ke ou kapab jwenn [isit la](#).

Fòs Entèkansyon an pral travay an patenarya avèk ajans leta yo ak yon komite konsèy ki gen pou responsabite pou bay rekòmandasyon lejislatif, regilatwa ak administratif pou administrasyon an. Men manm ki nan Komisyon an:

Manm ki fè pati nan komite konsiltatif la se sa ki annaprè yo:

- Stuart Appelbaum, RWDSU
- Esta Bigler, Cornell University ILR School
- Steve Choi, New York Immigration Coalition
- Anne Erickson, Empire Justice Center
- Héctor Figueroa, 32BJ SEIU
- George Gresham, 1199 SEIU
- Gary La Barbera, Trades
- Dean Norton, Farm Bureau
- Peter Ward, HTC
- Lewis O. Papenfuss, Sant Jistis Travayè /Worker Justice Center
- Donna Lieberman, New York Civil Liberties Union
- Ted Potrikus, Retail Council of New York
- Javier Valdes ak Deborah Axt, Make the Road New York
- Danny Wegman, Wegmans
- Kathryn Wylde, Patenarya pou Vil New York

Stuart Appelbaum, ki se Prezidan Depatman Inyon Mache, Detay, An Gwo, te deklare, “Pandan senk lane ki sot pase la yo, Gouvènè a te emèje kòm yon chanpyon pou sila yo ki nan fènwa – nan ba yo yon vwa pou pale epi nan fè yo jwenn lajistis pou koz yo a. Aksyon jounen jodi a yo kont eksplwatasyon travayè yo voye yon mesaj wo e fò – Leta New York gen yon politik zewo tolerans kont tout moun ki nan fason lach ap denigre dwa travayè yo epi meprize otorite lalwa. Mwen aplodi Gouvènè an pou angajman'l sou kesyon enpòtan sa a.”

Steven Choi, ki se Directè Ekzekitif Cowalisyon Imigran New York, te declare, “NYIC te fyè pou li fè pati Fòs Entèkansyon pou Konbat Eksplwatasyon Travayè yo ki te fè anpil pwogrè enpòtan nan batay pou defann dwa travayè yo, an patikilye pou imigran sila yo ki le pi souvan se travayè ki pi vilnerab yo. Chif yo pale pou tèt yo: 4 milyon dola nan salè ki pa peye ak domaj yo pou travayè vilnerab yo ki otreman pa t'ep resevwa kòb sa ke yo te fè legalman. Ak Fòs Entèkansyon an ansanm ak lòt inisyativ adisyonèl ki te anonse jodi a, nou kanpe ansanm ak Gouvènè Cuomo kòm li voye yon mesaj klè bay travayè yo pou di yo Leta New York ap soutni yo.”

Anne Erickson, ki se Prezidan & CEO Empire Justice Center, te deklare, “Twò souvan, Nouyòkè vilnerab yo fòse rete nan etablisman travay kote yo toujou ap pran avantaj sou yo epi kite yo ak de men yo vid apre yon jounen travay difisil. Empire Justice Center te kontan lè, yon ane pase, Gouvènè a te kreye Fòs Entèkansyon pou Konbat Eksplwatasyon Travayè yo, pou mete atansyon sou dosye pou jere anplwayè malonèt yo ki ap roule kò yo nan Leta sa a. Mwen aplodi Gouvènè a pou angajman li pou li mete fen nan enjistis ke fanm ak gason k'ap travay yo ap fè fas, epi mwen espere ke travay Fòs Entèkansyon sa ap kontinye pou kapab kontinye ak jefò pwoteksyon esansyèl travayè sa yo nan tan k'ap vini yo. Nou aplodi Gouvènè a poutèt li fè Fòs Entèkansyon an vin pèmanan epi espere kontinye fè pati de travay enpòtan sa.”

Gary Labarbera, ki se Prezidan Konsèy Komèsyal Bataiman ak Konstwiksyon pou yon Pi Gwo New York, te deklare, “Soti nan pase yon salè minimòm 15 dola ak plan retrèt peye fanmi yo, pou rive nan kreye Fòs Entèkansyon Travayè ki Eksplwate yo, Gouvènè Cuomo te yon zanmi pou lontan epi yon avoka kominote travay la. Jounen jodi a, New York pral elaji fòs entèkansyon reyisi sa, pou li pa sèlman pwoteje travayè ki eksplwate yo kont pratik ilegal yo, men tou asire ke sante ak sekirite yo rete yon priyorite enpòtan. Sa se yon ekzanp nan chanjman transfòmatif ki kapab kreye atravè patenarya yo ant mouvman travay yo ak gouvènman an, epi mwen espere wè yo retabli jistis pou travayè ki eksplwate yo atravè tout eta.”

Kathryn Wylde, ki se Prezidan & CEO Patenarya pou Vil New York, te deklare, “Fòs Entèkansyon pou Mete Fen nan Eksplwatasyon Travayè yo te fè gwo pwogrè nan objektif pou mete fen nan eksplwatasyon travayè yo. Pwoteje travayè vilnerab epi garanti tretman ki ekitab yo, yo nan pi bon enterè tout moun, sa enkli tou biznis yo. Lè nou met ansanm anplwayè yo, avoka yo, ak lidè linyon yo pou yo travay ansanm pou abòde pwoblèm sa yo, nou ap evite sityasyon pwoblematik epi nou ap asire ke tout pati yo trete nan yon fason ki jis.”

Manuel Castro, ki se Direktè Ekzekitif Pouwa Kominote Nouvo Imigran yo, te deklare, “Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman san relach li pou li pwoteje

fanm ak gason ki vilnerab atravè tout eta a, epi ede yo rejwenn vwa lapawòl yo te retire nan men yo a depi twò lontan. New York ap apwiye anganjman nou pou Rèv Ameriken an epi voye mesaj, si ou travay di, ou ka reyisi. Ak Gouvènè Cuomo, eta sa ap franchi yon etap transfòmatif nan batay li kont abi travayè yo epi nou fyè pou nou fè pati de jefò sa.”

Charlene Obernauer, ki se Direktris Ekzekitif Komite New York pou Sante ak Sekirite Pwofesyonèl, te deklare, “Eksplwatasyon travayè yo se yon sitiyasyon difisil ki te ekziste depi twò lontan e ki te afekte yon pakèt fanmi atravè eta New York. Fòs Entèkansyon Gouvènè a pou Konbat Eksplwatasyon Travayè yo ap mache san kanpe pou korije sa ki pa bon nan dè milye biznis atravè eta a ki te de fason ilegal te kenbe salè epi pa mete espas travay sekirite pou travayè yo a yo. Chak travayè merite pou yo trete’l avèk respè epi ak egalite pou travay yo a, epi ak anons sa jounen jodi a, se ekzatemman sa ke New York ap fè. Ak Gouvènè Cuomo, New York ap bay yon ekzanp pou tout rès nasyon an epi nou fyè pou nou kanpe kòt a kòt ansanm avèk li nan jefò sa.”

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418